

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonesia mangrupa salah sahiji nagara anu kasohor beunghar ku sélér bangsa sarta budaya. Beungharna budaya nu nyampak di Indonesia kayaning adat istiadat, kasenian, jeung sajabana minangka cicirén bangsa nu utama. Ku kituna sakabéh kabeungharan budaya éta perlu dimumulé, diriksa tur dimekarkeun sangkan bisa manjang.

Budaya mangrupa hasil cipta, karsa, rasa sarta pangaweruh manusa. Kabudayaan nya éta kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat sarta diturunkeun ti generasi ka generasi. Nurutkeun Koentjaraningrat (1990: 263), kabudayaan lumangsung di masarakat sarta ngawujud komunitas adat, bisa nembongkeun hiji cara anu husus, utamana katitén ku jalma anu aya di luareun lingkungan éta masarakatna sarta ngahasilkeun salah sahiji unsur kabudayaan dina kahirupan anu béda-béda, tapi bisa ogé masarakat nganut hiji téma budaya anu husus.

Koentjaraningrat (1990: 9) nétélakeun, yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal*, nya éta: (1) basa; (2) sistem pangaweruh; (3) organisasi sosial; (4) sistem téhnologi; (5) sistem pakasaban; (6) sistem kapercayaan; jeung (7) sistem kasenian. Unggal unsur *universal* ngajanggélék dina tilu wujud kabudayaan, nya éta ngawengku sistem budaya (*ideas*), sistem sosial (*activities*), jeung unsur-unsur budaya fisik (*artefak*). Sistem réligi atawa

kapercayaan miboga wujud salaku hiji sistem kayakinan atawa kapercayaan ka Gusti, déwa, roh, naraka, sawarga, jeung réa-réa deui.

Kabudayaan bangsa Indonesia loba kapangaruhan ku kabudayaan bangsa deungeun. Hal ieu lantaran ayana kontak antara bangsa Indonesia jeung nagara-nagara séjén nu miboga corak budaya sarta agama nu béda. Dina abad hiji maséhi sajalan jeung timbulna kontak *perdagangan* di jalur laut antara India, Cina, jeung Indonesia, kabudayaan Indonesia mimiti kapangaruhan ku Hindu jeung Budha. Pangaruh éta bisa katitén tina ayana parobahan anu kawilang gedé dina kahirupan masarakat jaman harita, nya éta ayana konsep Dewa jeung Raja.

Budaya deungeun nu asup ka Indonesia mawa sababaraha pangaruh négatip. Hal ieu katitén tina beuki turunna kasadaran kabangsaan di sababaraha kelompok masarakat. Di antarana waé seni tradisional anu geus loba ditinggalkeun ngabalukarkeun leungitna nilai réligius masarakat. Dumasar kana éta hal, manusa miboga poténsi anu gedé pikeun ngamekarkeun sagala hal anu aya di sabudeureunana kaasup ngamekarkeun hasanah budaya. Jawa Barat mangrupa salah sahiji provinsi di Indonesia nu pohara ku poténsi seni budayana. Pikeun ngajaga tur ngariksa kana hasanah budaya éta, tangtu kudu aya perhatian ti sababaraha pihak, boh ti pamaréntah boh ti lembaga-lembaga séjénna.

Mangsa kiwari daérah, sakola, guru, katut réngrénganana mibanda wewenang pikeun ngamekarkeun kabudayaan luyu jeung pangabutuhna. Nu penting teu papalingpang jeung tujuan. Poténsi nu aya di daérah kayaning kaéndahan alam, kabeungharan budaya, ajén-inajén kahirupan masarakat, sarta poténsi daérah séjénna saperti basa Sunda. Nonoman nu nyuprih pangarti jeung

ngalap élmu pangaweruh téh kudu wanoh kana kaayaan daérahna sorangan. Salian ti éta, dipiharep sangkan sikep jeung paripolahna teu pasalia jeung ajén-inajén nu diagem ku masarakatna.

Dina mangsa kiwari, aya kénéh sakelompok masarakat anu nyekel pageuh kana tradisi karuhunna, saperti di Kelurahan Cigugur anu sabagian masarakatna nganggap éta tradisi téh geus jadi kabiasaan nu luyu jeung kamekaran jaman, hal éta kapanggih dina Upacara Sérén Taun. Aya sababaraha bagian masarakat nu nganggap Upacara Sérén Taun ngungkara keun yén ieu kabudayaan téh sabagian tina sukuran ngarah dina hasil tatanén paréna leuwih punjul.

Anggapan di luhur nuduhkeun yén kabudayaan mangrupa salah sahiji kabiasaan masarakat anu ngawujud adat istiadat sarta kudu dipigawé sacara turun-turun. Upacara tradisi mangrupa wujud hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna, ogé Pangéranna. Éta hubungan téh mibanda tujuan ngahontal kasalametan pikeun kasampurnaan hirup, ngaliwatan kasadaran dirina sorangan, sabudeureunana, alamna jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna.

Upacara Sérén Taun mangrupa gelar budaya tradisional agraris Sunda nu masih nyampak jeung biasa dilaksanakeun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan. Ieu tradisi téh dilaksanakeun sataun sakali, mangrupa jengléngan rasa tumarima jeung sukuran ka Gusti Nu Maha Suci tina naon-naon nu geus katarima, utamana kana hasil tatanén. Upacara Sérén Taun nu dilaksanakeun ku masarakat Cigugur téh waktuna geus maneuh, nya éta tanggal 22 bulan Rayagung. Di jerona pinuh ku ritual-ritual anu sipatna suci, bari teu

tinggaleun pidangan rupa-rupa atraksi kasenian jeung hiburan. Upacara ieu téh teu ngan saukur midangkeun kagiatan spiritual nu ngawengku patalina manusa jeung Pangérana, tapi ogé antara manusa jeung mahluk séjénna tur alamna, boh ngaliwatan kagiatan kasenian, atikan, sosial, boh budaya.

Dina prak-prakanana bisa katitén yén nu ilubiung dina ieu acara lain ngan saukur masarakat satempat wungkul. Upacara Sérén Taun téh geus jadi kalénder resmi féstival tradisi Sunda jeung lawungan taunan masarakat adat di tatar Sunda, Nusantara, katut Mancanegara. Tangtu baé ieu hal téh teu bari ngurangan ajén-inajén spiritualitas nu aya di jerona, najan diluyukeun jeung kamekaran tur kondisi sosial nu keur lumangsung.

Patali jeung hal anu dijéntrékeun di luhur, panalungtik miboga karep pikeun ngawanohkeun Upacara Sérén Taun jeung nganalisis ajén falsafah nu nyampak dina Upacara Sérén Taun pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

Hasil panalungtikan patali jeung nu dilaksanakeun di antarana :

- 1) “Inventarisasi Ajén Budaya Dina Upacara Adat Sérén Taun Di Désa Cisungsang– Banten Kidul”, (Skripsi Linayeti, 2006);
- 2) “Simbol-Simbol Nu Nyampak Dina Upacara Adat Sérén Taun Di Désa Sirna Resmi Cisolok Kabupatén Sukabumi”, (Skripsi, Nuning Restiani W, 2010);
jeung
- 3) “Ajén Estétika dina Upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan”, (Nova Scorviana, 2007).

Ku lantaran can aya panalungtikan nu ngaguar ngeunaan ajén falsafah sarta diimplikasikeun pikeun bahan pangajaran, ku kituna perlu ngayakeun

panalungtikan anu judulna “Ajén Falsafah dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, loba pisan hal anu kapanggih dina Upacara Sérén Taun. Sangkan ambahanana teu lega teuing, ieu panalungtikan baris diwatesanan. Masalah nu rék ditalungtik nya éta ngan saukur maluruh déskripsi, prak-prakan, ajén falsafah nu aya dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran basa Sunda, nya éta “Maca artikel kabudayaan” di SMA kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakanana tradisi Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan téh?
- 2) Ajén falsafah naon waé anu nyampak dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan téh?

- 3) Kumaha implikasi ajén falsafah dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran “Maca artikel kabudayaan” di SMA kelas XII ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta hayang maluruh ajén falsafah dina Upacara Sérén Taun pikeun bahan pangajaran “Maca artikel kabudayaan” di SMA kelas XII.

1.3.2 Tujuan Husus

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) Prak-prakanana Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan;
- 2) Ajén falsafah anu nyampak dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan; jeung
- 3) Nyusun bahan pangajaran ngeunaan ajén falsafah dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran “Maca artikel kabudayaan” di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya sawatara mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan, nya éta:

1.4.1 Manfaat Teoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalegaan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan nu aya di masarakat Sunda hususna di daérah Cigugur, boh keur nu nalungtik boh keur masarakat lianna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat panalungtikan nu dipiharep tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Pikeun nambahan wawasan sarta pangaweruh ngeunaan Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan;
- 2) Pikeun dunya pangajaran, bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran maca di SMA;
- 3) Pikeun masarakat, sangkan ulah mopohokeun kana kabudayaan di Jawa Barat, hususna di daérah Cigugur, tapi kudu bisa ngarojong jeung ngamumulé budaya anu aya di Jawa Barat; sarta
- 4) Pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan salaku média pikeun nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan hususna Upacara Sérén Taun.

1.5 Wangenan Istilah

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Falsafah dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”. Sangkan aya gambaran ngeunaan éta judul, perlu

dijéntrékeun wangenan istilah nu aya dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap:

- 1) Ajén falsafah nya éta nilai, harga atawa pangaji anu dihasilkeun tina pamikiran anu ditéangan bebeneranana pikeun ngungkab hiji pasualan anu penting dina Upacara Sérén Taun;
- 2) Upacara Sérén Taun nya éta mangrupa gelar budaya tradisional masarakat agraris Sunda anu dilaksanakeun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan. Ieu tradisi dilaksanakeun sataun sakali salaku ngedalkeun rasa sukur ka Gusti Nu Maha Suci sabada panén;
- 3) Bahan pangajaran nya éta sakabéh bahan/komponén pangajaran anu rék ditepikeun dina kagiatan ngajar, mangrupa élmu pangaweruh nu kudu dikawasa ku guru jeung murid; jeung
- 4) Pangajaran maca nya éta salah sahiji pangajaran anu aya dina SKKD basa Sunda.

1.6 Asumsi Dasar

Asumsi dasar mangrupa dasar pamikiran anu gunana pikeun dasar panyusun salaku cecekelan utama. Asumsi dasar sok disebut ogé anggapan anu ngandung harti titik pamiangan mikir anu bebeneranana bisa ditarima ku balaréa. Patali éta hal, Suyatna (2002: 7) nétélakan yén asumsi dasar nya éta sakumna bebeneran tiori atawa pamadegan anu dijadikeun dadasar dina hiji panalungtikan.

Luyu jeung pamadegan di luhur, nu jadi asumsi dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kabudayaan mangrupa hasil karya, rasa, tur cipta masarakat nu ngawengku sakabeh aspék kahirupan manusa dina hirup kumbuhna nu sacara turunturun dijaga tur dimumulé;
- 2) Unggal daérah di Jawa Barat miboga ciri has, boh dina kasenian, boh dina upacara adat, jeung réa-réa deui.;
- 3) Ilaharna masarakat Sunda téh mangrupa masarakat agraris nu hirup tina hasil tatanén;
- 4) Upacara Sérén Taun dilaksanakeun unggal taun ku masarakat Cigugur pikeun ngedalkeun rasa sukur ka Gusti Nu Maha Suci sabada panén, nya éta unggal tanggal 22 Rayagung;
- 5) Loba ajén-inajén anu nyampak dina Upacara Sérén Taun, salah sahijina nya éta ajén falsafah;
- 6) Pentingna ngajaga tur ngamekarkeun kabudayaan Sunda ku cara ngawanohkeun ka generasi ngora; jeung
- 7) Panalungtikan ajén falsafah dina Upacara Sérén Taun bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran basa Sunda, hususna ngeunaan kabudayaan.

1.7 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.7.1 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan kalawan ngagunakeun téhnik sarta alat-alat nu tangtu. Méthode panalungtikan nya éta hiji cara pikeun meunangkeun pangaweruh atawa jalan pikeun ngarengsekeun pasualan nu disanghareupan, sarta dilakukeun sacara ilmiah tur sistematis, jeung

logis. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode panalungtikan déskriptif.

Métode déskriptif nya éta hiji métode pikeun ngagambarkeun kaayaan obyék nu ditalungtik tur ngébréhkeun aspék-aspék nu dijadikeun puseur perhatian dina panalungtikan. Ieu métode saenyana mah leuwih mangrupa istilah umum anu ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif.

1.7.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta telaah pustaka, téhnik observasi, téhnik partisipasi, téhnik wawancara jeung téhnik dokumentasi.

1.7.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta hiji alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtikan pikeun ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta: kaméra digital, *handphone*, jeung pedoman wawancara.

1.8 Raraga Nulis

Raraga Nulis dina ieu skripsi, nya éta:

- 1) BAB I: Bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, asumsi dasar, wangenan istilah, métode jeung téhnik panalungtikan, sarta raraga nulis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah nu ditalungtik.

- 2) BAB II: Kajian Téori, medar ngeunaan falsafah, kabudayaan, Upacara Sérén Taun, jeung bahan pangajaran maca. Dina ieu bab, eusina ngeunaan tatapakan téori anu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;
- 3) BAB III: Métodologi panalungtikan, medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.
- 4) BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan, medar ngeunaan déskripsi, prak-prakan, jeung ajén falsafah anu nyampak dina Upacara Sérén Taun, sarta implikasina dina bahan pangajaran maca di SMA; jeung
- 5) BAB V: Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.